

## MANYÈL MANM OU AN CHANJE POU YO KA ENKLI ENFÒMASYON SA A

Apati **1 avril 2020**, ko-pèman maksimòm famasi ou (ko-peye) ap \$ 50 pou chak trimès ane a. Ko-pèman maksimòm rekòmanse chak trimès, kèlkeswa kantite lajan ou te peye trimès pase a.

Trimès yo se:

- Premye trimès 1 Janvyè – 31 Mas
- Dezyèm trimès 1 Avril – 30 Jen
- Twazyèm trimès 1 Jiyè – 30 Septanm
- Katriyèm trimès 1 Oktòb– 31 Desanm

Si ou pa kapab peye kopeman ou mande a, ou dwe di founisè a. Founisè a pa ka refize ba ou sèvis oswa machandiz paske ou pa kapab peye kopeman an. (Ko-pèman ki pa peye yo se yon dèt ou dwe founisè a.)

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 1-800-303-9626 (TTY: 711).